# САРЫГҮЛ БАҲАДЫРОВА – ИЛИМПАЗ ҲӘМ ЖАЗЫЎШЫ

**Бекбергенова Мария Досбергеновна**

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогика институты*

**Аннотация:** Мақалада С.Баҳадырованың прозасында образлардың жасалыўы ҳәм көркем сөз шеберлиги сөз етилген. Жазыўшының «Ҳаяллар», «Бала- белдиң димары», «Рәўшан», «Ағайин» ҳәм т.б. шығармаларындағы образлардың жасалыў усыллары көркем баянланған. С.Баҳадырова прозасында ана образының жасалыў өзгешелиги жазыўшы К.Султановтың «Ақ дәрья» романында Назлы кемпир, Г.Есемуратованың «Жийрен» повестиндеги аналар образлары менен салыстырмалы үйренилген. Сондай-ақ жазыўшының шығармаларында қаҳарманлардың руўхый дүньясы шебер сүўретленген.

**Таяныш сөзлер:** образ, тема, сюжет, стиль, шеберлик, типология

**Аннотация:** В статье рассматриваются методы создания художественных образов в творчестве С.Бахадыровой. Писательские «Ҳаяллар», «Бала – белдиң димары», «Рәўшан», «Ағайин» и др. художественно описаны приемы создания образов в его произведениях. Характеристики образа матери в прозе С.Бахадыровой сопоставлены с образами матери в романе «Акдарья» писателя К.Султанова, с образами матери в повести «Жийрен» Г.Есемуратовой. Также описана художественная сущность произведений писателя.

**Ключевые слова:** образ, тема, сюжет, стиль, мастерство, типология

**Abstract:** The article describes the creation of images and the mastery of literary expression in the prose of S. Bakhadirova. The methods of creating images in the author’s works such as «Hayallar», «Bala – beldiń dimarı», «Rawshan», «Aǵayin» and others are described in detail. The originality of the image of the mother in S. Bakhadirova’s prose is comparable to the image of the tender old woman in the novel “Aqdárya” by K.Sultanov, and the images of the mother in the novel “Jiyren” by G. Esemuratova. Also, the writer’s works skillfully depict the spiritual world of the heroes.

**Key words:** image, theme, plot, style, skill, typology

Жазыўшы ҳәм илимпаз Сарыгүл Баҳадырова 1944-жылы Қараөзек районында туўылған. Аўыллық орта мектепти 1962-жылы тамамлап, Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтына оқыўға киреди.

1967-70-жыллары Ташкентте Өзбекстан Илимлер академиясының аспирантурасында оқыды ҳәм 1970-жылы «Ҳәзирги қарақалпақ гүрриңлери» деген темада кандидатлық диссертациясын жақлады. Соннан баслап ол Өзбекстан Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлиминиң Н.Дәўқараев атындағы тил ҳәм әдебият институтында илимий хызметкер, бөлим баслығы лаўазымларында иследи.

Сарыгүл Баҳадырова 1985-жылы «Фольклор ҳәм қарақалпақ совет прозасы» деген темада докторлық диссертация жумысын жақлады. 1991-жылдан 2009-жылға шекем Н.Дәўқараев атындағы тил ҳәм әдебият институтының директоры лаўазымында иследи. Ол 1996-жылдан баслап Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының ағзасы.

Сарыгүл Баҳадырова «Ҳаяллар», «Өмир сабағы», «Тәғдир», «Кешиккен солдат» повесть ҳәм романлардың, сондай-ақ бир қатар «Аннама хат», «Бала-белдиң димары», «Ағайин» ҳәм т.б. гүрриңлердиң авторы. Ол Қарақалпақстан Жаслар аўқамы сыйлығының лауреаты.

С.Баҳадырованың «Роман ҳәм дәўир», «Фольклор ҳәм қарақалпақ совет прозасы», «Китаби дедем қорқыт», «Қоблан», «Едиге» ҳәм «ҳәзирги әдебият ҳаққында ойлар» атлы илимий мийнетлери бар.

Сарыгүл Баҳадырова Беруний атындағы Өзбекстан Республикасының мәмлекетлик сыйлығының лауреаты.

ХХ әсирдиң 60-70-жыллары қарақалпақ әдебиятында көркем шығармалар жазатуғын ҳәм соның менен бирге, илимий-изертлеў жумысларын алып баратуғын көркем сөз шеберлери дөретиўшилик майданға келди. Сарыгүл Баҳадырованы солардың бири сыпатында атап көрсетиўге болады. Бул қубылыс қарақалпақ миллий әдебиятындағы жеке өзине тән өзгешелик болып есапланады. Усы өзгешеликке ийе С.Баҳадырова қарақалпақ прозасында әҳмийетли мәселелерди көтерип, қурамалы образларды жасап, миллий әдебиятты айтарлықтай жетискенликлерге еристирди.

Жазыўшы Сарыгүл Баҳадырова өз дөретиўшилигин дәслеп гүрриңлерден баслады. Автордың гүрриңлери турмыстағы әпиўайы ўақыялардан үлкен идеялық жуўмақ шығарыўы менен ажыралып турады.

Оның «Анама хат» гүрриңинде коллективизация дәўириниң трагедиялық ақыбетлери сүўретленеди.

Бул гүрриңде қыздың анасы менен сырласыўы формасында, яғный оның анасынан кеширим сорап жазған хаты арқалы бир шаңарақтың тәғдири баян етиледи. Қыздың әкеси жала менен қамалып кетеди, қыз анасы менен екеўи қалады.

Мине, усы ўақытта көрген қыйыншылықларын, өзиниң жүрек сезимлерин қыз анасына хат формасында жазып сырласады. Қыз өзи ер жеткеннен кейин анасын түсинип, оннан кеширим сорайды.

С.Баҳадырованың шығармаларында қаҳарманлардың руўхый дүньясы оғада бай болып келеди. Бул қубылыс сол дәўирдеги қарақалпақ прозасындағы көп шығармаларға тән болды. Қырғыз жазыўшысы Шыңғыс Айтматовтың прозасындағы ана образлары бул ҳәр бир оқыўшыны ойландыратуғын ҳәм тәрбиялайтуғын әдебият үлгилери. Бул образлар қаҳарман образын жасаўдың

жаңа формасын келтирип шығарды. Бизиң миллий қарақалпақ прозасында да анаға арналған шығармалар, әжайып ана образлары жазыўшыларымыз тәрепинен сүўретленген Қ.Султановтың «Ақ дәрья» романында Назлы кемпир, Г.Есемуратованың «Жийрен» повестиндеги аналар образлары буған мысал бола алады. С.Баҳадырованың гүрриңлериндеги ана образының жасалыўы да усы жазыўшылар қәлеми менен бир үнлес келеди.

Шаңарақ, ана ҳәм перзент арасындағы қарым-қатнаслар жазыўшының «Бала-белдиң димары» гүрриңинде қойылған мәселе. Бул гүрриңде психологизм жүдә күшли. Турмыс қурып, бардамлы жерге келин болып түскен нашар өз төркинине қыдырып келеди. Төркининен үйине қайтып баратырған ол жолда изинен биреўдиң бақырып-шақырғанын еситти. Тоқтап қараса, шеңгеллердиң арасынан жер куртындай қыбырлаған бир баланы көреди. Топыраққа бөленген баланы ол танымады. Бала оған келип «Мени туўған сен бе?» деп сорады ҳәм Айша лал болып қалды.

Баланы еплеп алдап қайтарса да, оның адымы атылмай, тап изге жүрип баратырғандай сезилди [Баҳадырова С., 1982. – 14 б].

Гүрриң көлеми бойынша қысқа болыўына қарамастан, мазмуны терең, турмыстағы әҳмийетли мәселелер – көркем әдебияттағы орайлық темалардың бири- әдеп-икрамлылық машқаласын сүўретлейди.

Бала ата-анасыз өспеў керек, деген идея жазыўшының «Рәўшан» атлы гүрриңде де даўам еттириледи. Муҳаббат ҳәм бала, бир-биреўди түсинип жасаў – бул шаңарақтың ҳақыйқый бахыты, деген жуўмақ жасалынады бул гүрриңде.

Муҳаббат, сүйген ярына садықлықты сақлап қалыў – С.Баҳадырованың «Кешиккен солдат» повестиниң өзеги.

Сондай-ақ сатқынлық, еки жүзлилик турмысымызда ушырасып туратуғын ҳәдийселер де оның прозасында сәўлелениўин тапты.

Мине, усы турмыслық ўақыя С.Баҳадырованың «Ағайин» атлы гүрриңиниң темасы. Нарымбет ғарры инисиниң басшы болыўын еситкеннен, оны келеди деп бир қойды сойып, таярлық көреди. Тап усы ўақытта мәжилис келеси ҳәптеге қалдырылғанлығы, Насырдың жумыстан шыққанлығы ҳаққында гәп тарайды.

– Пах, тәўир болған екен шыққаны, атаңа нәлеттиң баласынан күйип едим, - дейди тисленип.

– Ағайин емес пе? - деген биреўдиң сораўы да оны өзине келтирмейди.

– Қаяқтың ағайини, ол болса қыпшақ, мен болсам қарамойын, үш қайнатқанда сорпамыз қосылмайды. Қаңғып жүрген жеринен мен едим әкелген, бизиң үйдиң жуўындысы менен адам болды. Сол жақсылықты билди ме, тойдырғанның сақалына, деп кетти!...

– Өзим де бир нәрсени билемен-аў, ақыйрын берсин деп жүр едим, мине, айтқаным келди, - деп билгишсинип мардыйыңқырап қойды. Буннан кейин де ол көп нәрселерди айтып ишиндеги дебдиўин шығармақшы болып еди, жағдайдан пайдаланып хабаршы жигит өзиниң бөлинип қалған сөзиниң изин жалғады.

– Биротала жумыстан босаған емес, бурынғы орнынан көтерилипти. – Барлық гелле Нарымбетке бурылды. Нарымбеттиң есине үйиндеги таярлық түсти ме, я қараған көзлерден тартынды ма, көпшиликтен сытылып сыртқа қарай адым атты.

– Бул рет келмесе, ендиги рет келер. – Өзинше әлле бир нәрселерди гүбирлениўи менен далаға шығып кетти. Оның бул гүбирлениўи енди, әлбетте, жаманлаў емес екенлиги ҳәммеге түсиникли еди» [Баҳадырова С., 1982. – 9 б].

Бул мысалдан көринип турғанындай, пайдасы тиймеген ағайинди, тап туўысқан иниси болыўына қарамастан жаманлайтуғын унамсыз тип-сатиралық образ Нарымбет жетерли дәрежеде исенимли жасалған.

Жазыўшы С.Баҳадырованың дөретиўшилиги тематикалық кеңлиги менен де өзгешеленип турады. Автордың гүрриңлери, повесть ҳәм романларында ҳәзирги дәўир адамларының қурамалы өмирден алжаспаўы мәселелери де өзекли тема етип алынады.

## ӘДЕБИЯТЛАР:


1. Баҳадырова С. Турмыс сабағы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1982.
2. Баҳадырова С. Тағдир. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1989.
3. Баҳадырова С. Тумарис. –Ташкент: Наврўз, 2018.